Kufa kwaJesu



“Zvechokwadi, anga ari Mwanakomana waMwari!” MATEO 27:54

Kufa kwaJesu



“Zvechokwadi, anga ari Mwanakomana waMwari!” MATEO 27:54

MATEO 27:33, 35-46, 50-54 - *Kufa kwaJesu*

33Vakasvika panzvimbo inonzi Gorokota, (zvinoreva kuti Nzvimbo yeDehenya). 35Vakati vamuroverera pamuchinjikwa, vakagovana nguo dzake vachiita zvokukanda mijenya. 36Uye vakagara pasi, vakamurinda. 37Pamusoro pake vakaisa rugwaro rwemhosva yake rwaiti: “UYU NDIJESU, MAMBO WAVAJUDHA.”

38Makororo maviri akarovererwawo pamwe chete naye, mumwe kurudyi mumwe kuruboshwe. 39Vaya vaipfuura napo, vakamutuka vachidzungudza misoro yavo 40uye vachiti, “Iwe uri kuzoputsa temberi uchizoivakazve mumazuva matatu, chizviponesa! Buruka pamuchinjikwa kana uri Mwanakomana waMwari!” 41Nenzira imwe cheteyo, vaprista vakuru, navadzidzisi vomurayiro navakuru vakamuseka vachiti, 42“Akaponesa vamwe, asi haagoni kuzviponesa! Ndiye Mambo weIsraeri! Ngaaburuke zvino pamuchinjikwa tigotenda kwaari. 43Anovimba naMwari ngaachimununura iye zvino kana achimuda, nokuti akati, ‘Ndiri Mwanakomana waMwari.’”

44Nenzira imwe cheteyo makororo akanga arovererwa pamwe chete naye akamutukawo. 45Kubva panguva yechitanhatu kusvika panguva yepfumbamwe rima rakavapo panyika yose. 46Nenguva inenge yepfumbamwe, Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, “Eroi, Eroi, rama sabhakitani?” zvichireva kuti, “Mwari wangu! Mwari wangu, mandisiyireiko?”

50Uye Jesu akati adanidzira nenzwi guru, akabudisa mweya wake. 51Panguva iyoyo chidzitiro chomutemberi chakabvaruka napakati kubva kumusoro kusvika pasi. Nyika yakadengenyeka, uye mabwe akatsemuka. 52Makuva akazaruka, mitumbi yavatsvene vazhinji vakanga vakafa ikamutswa kuupenyu. 53Vakabuda mumakuva, uye shure kwokumuka kwaJesu vakapinda muguta dzvene uye vakaonekwa navanhu vazhinji. 54Mukuru wezana navaya vaakanga anavo vakarinda Jesu, pavakaona kudengenyeka kwenyika nezvose zvakanga zvaitika, vakatya kwazvo, uye vakati, “Zvechokwadi, anga ari Mwanakomana waMwari!”

MATEO 27:33, 35-46, 50-54 - *Kufa kwaJesu*

33Vakasvika panzvimbo inonzi Gorokota, (zvinoreva kuti Nzvimbo yeDehenya). 35Vakati vamuroverera pamuchinjikwa, vakagovana nguo dzake vachiita zvokukanda mijenya. 36Uye vakagara pasi, vakamurinda. 37Pamusoro pake vakaisa rugwaro rwemhosva yake rwaiti: “UYU NDIJESU, MAMBO WAVAJUDHA.”

38Makororo maviri akarovererwawo pamwe chete naye, mumwe kurudyi mumwe kuruboshwe. 39Vaya vaipfuura napo, vakamutuka vachidzungudza misoro yavo 40uye vachiti, “Iwe uri kuzoputsa temberi uchizoivakazve mumazuva matatu, chizviponesa! Buruka pamuchinjikwa kana uri Mwanakomana waMwari!” 41Nenzira imwe cheteyo, vaprista vakuru, navadzidzisi vomurayiro navakuru vakamuseka vachiti, 42“Akaponesa vamwe, asi haagoni kuzviponesa! Ndiye Mambo weIsraeri! Ngaaburuke zvino pamuchinjikwa tigotenda kwaari. 43Anovimba naMwari ngaachimununura iye zvino kana achimuda, nokuti akati, ‘Ndiri Mwanakomana waMwari.’”

44Nenzira imwe cheteyo makororo akanga arovererwa pamwe chete naye akamutukawo. 45Kubva panguva yechitanhatu kusvika panguva yepfumbamwe rima rakavapo panyika yose. 46Nenguva inenge yepfumbamwe, Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, “Eroi, Eroi, rama sabhakitani?” zvichireva kuti, “Mwari wangu! Mwari wangu, mandisiyireiko?”

50Uye Jesu akati adanidzira nenzwi guru, akabudisa mweya wake. 51Panguva iyoyo chidzitiro chomutemberi chakabvaruka napakati kubva kumusoro kusvika pasi. Nyika yakadengenyeka, uye mabwe akatsemuka. 52Makuva akazaruka, mitumbi yavatsvene vazhinji vakanga vakafa ikamutswa kuupenyu. 53Vakabuda mumakuva, uye shure kwokumuka kwaJesu vakapinda muguta dzvene uye vakaonekwa navanhu vazhinji. 54Mukuru wezana navaya vaakanga anavo vakarinda Jesu, pavakaona kudengenyeka kwenyika nezvose zvakanga zvaitika, vakatya kwazvo, uye vakati, “Zvechokwadi, anga ari Mwanakomana waMwari!”

40-65 The Death of Jesus Poster

www.GodsPeopleStudy.org
Bible Verses are Shona